



# UNHCR

L'Agence des Nations  
Unies pour les réfugiés

# KIYÈS KI KAPAB FÈ YON DEMANN AZIL SOU FWONTYÈ A?

## RESTRIKSYON :

Gouvènman peyi Kanada mete kèk restriksyon sou kiyès ki kapab fè yon demann azil sou fwontyè a.



Daprè antant ant Kanada ak Etazini nan kad akò konsènan peyi kote moun sanse an sekirite yo, ou pa kap mande azil sou fwontyè Kanada a sòf siw konsène nan yonn nan eksepsyon antant sa prevwa.

## ANTANT LA PA APLIKE SI :

- Ou se sitwayen ameriken
- Ou se yon moun ki san peyi e ou tap viv Ozetazini pandan yon bon bout tan.

## KÈK KA KOTE ANTANT SA PA KENBE:

1. Ou genyen yon viza kanadyen, yon pèmi travay osinon yon pèmi etid ki valab.



3. Ou riske sibi pèndemò nan peyi'w oubyen nan peyi Etazini.



2. Ou anba 18 ak ni nan paran ou yo nan peyi Etazini.



4. Ou genyen fanmi ou kap viv Kanada.\*



\*Men lis moun Antant sa rekonèt kòm fanmi : yon moun marye, yon moun ki responsab yon lòt nan fason legal, yon timoun, yon papa osinon yon manman, yon frè osinon yon sè. Yon gran papa osinon yon grann, yon pitit pitit, yon tonton osinon yon matant, yon neve osinon yon nyès, yon moun ou plase avèl, konjwen ki gen menm seks ki gen stati legal Kanada.

Pou plis enfòmasyon konsènan Antant ant peyi kote moun sanse an sekirite yo :

<https://www.cbsa-asfc.gc.ca/agency-agence/stca-etps-eng.html>